

## Evalyasyon Sante Lakay Chak Jou

Fanmi BPS yo dwe obsève pitit yo pou sentòm viris COVID-19 la chak jou, avan lekòl kòmanse. Genyen kèk sentòm COVID-19 ki menm avèk sentòm grip oswa yon gwo rim; tanpri pa asime ke se yon lòt kalite kondisyon. Si w genyen okenn dout, **rete lakay ou** epi rele founisè swen sante w la (doktè w). **PITIT OU A DWE RET LAKAY LI** si ke li menm, oswa okenn lòt moun nan kay la, genyen okenn nan sentòm anba yo:

- Fyèv (100,0° degre Farenheit, oswa ki pi wo, san l pa pran okenn medikaman pou bese fyèv la), frison (refwadisman), oswa frison avèk latranblad
- Tous (**ki pa rezilta okenn lòt koz ke n konenn, tankou azma [opersyon] oswa alèji**)
- Difikilte pou respire oswa souf kout (etoufman)
- Yon pèt gou oswa sant ki fenk manifeste
- Gòj fè mal
- Tèt fè mal (*melanje avèk kèk lòt sentòm*)
- Misk fè mal oswa kò fè mal
- Noze (kè plen), vomisman, oswa dyare
- Fatig (*melanje avèk kèk lòt sentòm*)
- Konjesyon nan nen (nen bouche) oswa nen k ap koule larim (*melanje avèk kèk lòt sentòm*) (**ki pa rezilta okenn lòt koz ke n konnen, tankou alèji**)

### OUBYEN

- Si pitit ou a an kontak avèk yon moun nan kay la ki te teste pozitif nan yon dyagnosis COVID-19 e Komisyon Sante Piblik Boston an pa ko otorize l pou l soti nan izolman.

**Nenpòt elèv ki an kontak pwòch avèk yon moun ki teste pozitif pou COVID-19, dwe rete lakay e rete an karantèn pou 14 jou apati dat dènye kontak li avèk moun nan. Kontakte founisè swen sante w la, Komisyon Sante Piblik Boston an, oswa enfimyè lekòl la pou plis gidans.**

### Si pitit ou a genyen okenn sentòm:

- li dwe rete lakay li e founisè swen medikal li dwe evalye l pou konsidere si ke l bezwen fè yon tès COVID-19.
- paran/gadyen responsab yo dwe rapòte absans lan bay administrasyon lekòl la ak enfimyè lekòl la, e note si absans lan anrapò ak COVID-19.
- mete enfimyè lekòl la okouran de tout rekòmandasyon founisè swen medikal la bay, alekri, avan elèv la kapab retounen lekòl.

## Pwosesis Tès la

- Rele doktè premye swen w lan, sant sante kominotè lokal ou a, osinon sant tès COVID-19 lokal ou a. Yon lis sant tès nan tout eta Massachusetts la disponib sou sit entènèt: [mass.gov/info-details/about-covid-19-testing](https://mass.gov/info-details/about-covid-19-testing) epi w kapab jwenn yon lis sant tès yo nan tout vil Boston sou sit entènèt: [boston.gov/departments/public-health-commission/map-covid-19-testing-sites](https://boston.gov/departments/public-health-commission/map-covid-19-testing-sites). Genyen kèk sant ki ka egzije yon evalyasyon preliminè, yon rekòmandasyon, ak/oswa yon randevou.
- Rele enfimyè lekòl ou a pou asistans. Chak lekòl ap genyen yon lis sant tès disponib pou timoun ak fanmi.
- Si pitit ou a teste pozitif pou COVID-19, rapòte enfòmasyon sa a bay enfimyè lekòl ou a epi suiv rekòmandasyon CDC yo (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a) sou afè izolman.
- Si pitit ou a pa fè tès pou COVID-19, n ap egzije dokimantasyon alekri nan men yon founisè swen medikal pou pitit ou kapab retounen lekòl.

## Vwayaj Deyò Eta a oswa Deyò Peyi a:

Tout vwayajè k ap vin nan eta Massachusetts – pami yo moun ki abite Massachusetts k ap retounen lakay yo – anba obligasyon pou yo mete tèt yo nan karantèn pou 14 jou. Genyen kèk esepsyon pou **lòd aktyèl la**: vwayajè ki sot nan yon ti lis eta ki touprè, oswa eta vwazen, genyen yon egzanpsyon pou machasui sa a, e yo pa bezwen mete tèt yo nan karantèn pou 14 jou. Tanpri refere a sit entènèt: [Mass.gov](https://mass.gov) pou enfòmasyon pi ajou anrapò avèk restriksyon gouvènè a bay parapò a vwayaj.